

# Ekonomize pou Inivèsite ak Fòmasyon Pwofesyonèl gras ak Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a

Epay pou inivèsite ak karyè se yon bagay ki enpòtan pou plan finansye famiyal yo, e gen anpil opsyon kont depay ki disponib.

Anplis pou l ap bay Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Accounts), Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la bay fanmi yo opòtinite pou yo resevwa lajan pou avni pitit yo. **Louvri youn nan de opsyon kont depay pou inivèsite ak karyè ki pi ba yo** epi konekte ak Kont Bousdetid NYC pitit ou a pou w resevwa \$25:

- **Kont NY 529 Direct Plan\***; ak
- **Kont Bankè Amalgamated Ekonomize pou Inivèsite**

## Kont NY 529 Direct Plan

Se yon kont investisman ki fèt pou ede fanmi ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl

Aksede mache finansye yo pou ogmante potansyèlman epay pitit ou a

Lajan ka ogmante epi pèdi valè toudepann de mache a

Li vini avèk avantaj fiskal

## Tou de kont yo gen kèk bagay an komen:

Se ou k ap deside ki kantite lajan ak nan ki frekans ou ekonomize

\$5 sèlman ba ou yon rekonpans \$25 pou Kont Bousdetid NYC pitit ou a

Ou bezwen yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa yon Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN)

Fanmi ak zanmi kapab kontribiye

Ou ka louvri l ak \$0

## Kont Bankè Amalgamated Ekonomize pou Inivèsite

Kont depay yo fèt pou pwoteje lajan w jiskaske w bezwen l

Depo asire jiska \$250,000

W ap resevwa enterè sou lajan ki sou kont sa a (mwens pase to enflasyon an)

Kont lan pa vini avèk avantaj fiskal

## Nou la pou nou sipòte w!

Nou konprann li kapab difisil pou kòmanse ekonomize. Se poutèt sa nou gen rekonpans pou sipòte w nan dezisyon w pran pou w ekonomize a. Lè ou louvri youn nan kont depay pou inivèsite ak karyè pou pitit ou epi w konekte l ak Kont Bousdetid NYC pitit ou a, w ap resevwa yon rekonpans \$25. W ap resevwa yon lòt \$25 lè w ekonomize premye \$5 w genyen nan kont depay la. Epi ant klas 1ye ane ak 5yèm ane, n ap mete menm valè lajan ou depoze sou kont epay ou a, dola pou dola, jiska yon maksimòm \$100.

**\*Nòt:** NYC Kids RISE pa afilye avèk NY's 529 College Savings Program e li pa bay konsèy sou investisman. NYC Kids RISE p ap fè yon rekòmandasyon sou adekwasyon NY 529 Direct Plan an pou ou oswa pou fanmi w. NYC Kids RISE ankouraje w pou w avanse ak NY 529 Direct Plan sèlman si w detèmine ke NY 529 Direct Plan fè sans pou ou ak pou fanmi ou. Pou plis enfòmasyon sou NY 529 Direct Plan, ale sou [nysaves.org](https://nysaves.org) epi telechaje Bwochi Enfòmasyon an oswa rele nan 877-NYSAVES (877-697-2837). Si w pa finanse kont ou an (nan espas sis premye mwa yo pou yon Kont NY 529 Direct Plan oswa nan nèf premye mwa yo pou Kont Bankè Amalgamated Ekonomize pou Inivèsite a), ou gen risk pou yo fèmen kont ou an.

Inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl kapab koute chè! Èd finansye, bousdetid ak sibvansyon pa toujou kouvri frè eskolarite ak lòt depans yo. Ou menm ak/oswa pitit ou a ka toujou gen pou peye pou depans adisyonèl, tankou frè, chanm ak pansyon, manyèl eskolè, laptop, ak founiti. **Si w kòmanse ekonomize bonè, pitit ou a ap gen lajan ki mete sou kote pou avni li.** Envestisman w lan montre ke pakou pou ale nan rèv inivèsite ak karyè yo kòmanse kounye a!

Kantite lajan w ap mete nan epay pou inivèsite ak karyè depann de finans pèsònèl ou. Sa a gen ladann eleman tankou revni w, byen w, dèt ou, depans ou ak avantaj piblik ou. **Menm si se sèlman \$5 ou mete sou kote chak mwa, l ap pèmèt ou akimile lajan si w pran bonè!**

### Ou pare pou kòmanse ekonomize?

#### Kont NY 529 Direct Plan

Ale sou [nysaves.org](https://nysaves.org) pou w louvri yon kont NY 529 Direct Plan sou entènèt.

Yon fwa w fin kreye Kont 529 Direct Plan ou an—oswa si w deja gen yon kont 529 pou pitit ou a—retounen konekte sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a sou [nyckr.org/login-s2-hc](https://nyckr.org/login-s2-hc) pou w konekte de kont yo.

#### Kont Bankè Amalgamated Ekonomize pou Inivèsite

Ale sou [amalgamatedbank.com/find-a-branch-or-atm](https://amalgamatedbank.com/find-a-branch-or-atm) pou w jwenn sikisal Amalgamated kipi pre w la; oswa rele 800-662-0860.

Depi w fin louvri kont lan, l ap lye otomatikman ak Kont Bousdetid NYC pitit ou a.

### Tikonsèy pou Epay



Genyen yon kont depay ki dedye pou rèv inivèsite ak karyè pwofesyonèl pitit ou. Sa a ap ede w swiv pwogrè w yo epi evite w itilize lajan an pou lòt depans.



Detèmine ki kantite lajan ou ka ekonomize epi planifye pou mete yon montan fiks nan kont depay ki dedye pou inivèsite ak karyè a chak mwa, si w kapab. Chak ti kontribisyon konte!

- Tout moun pa gen menm sitiyasyon finansye. Pou jwenn èd pèsònalize, reflechi pou mande konsèy yon pwofesyonèl investisman oswa ale nan yon Sant Otonomizasyon Finansye nan NYC pou jwenn konsèy finansye gratis. Pou pran yon randevou nan yon Sant ki tou pre ou, rele 311 oswa ale sou [nyc.gov/talkmoney](https://nyc.gov/talkmoney).



Si w pa santi w ka ekonomize yon fason ki regilye, gade si w ka pwofite moman kote w gen lajan anplis, tankou kado ak ranbousman tankou ranbousman anyèl enpo.



Gade si w ka itilize depo dirèk apati pewòl ou, oswa transfè otomatik apati yon kont kouran pou ale nan yon kont depay, pou fè epay otomatik.



Kòmanse piti epi ogmante montan an ofiramezi. Ajiste epay ou an fonksyon chanjman nan sitiyasyon finansye w.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou de kont ki elijib pou Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, ale sou [nyckr.org/options-s2-hc](https://nyckr.org/options-s2-hc).